so that learners may have a great chance to integrate skills, like critical thinking, thought provoking, leadership and others to lead the course for maximum learner engagement and motivation. The best solution here is to use alternative assessment, which uses activities that reveal what learners can do with language, emphasizing their strengths instead of their weaknesses. Alternative assessment instruments are not only designed and structured differently from traditional tests, but are also graded or scored differently. Because alternative assessment is performance based, it helps instructors emphasize that the point of language learning is communication for meaningful purposes. Alternative assessment methods work well in learner-centered classrooms because they are based on the idea that students can evaluate their own learning and learn from the evaluation process. These methods give learners opportunities to reflect on both their linguistic development and their learning processes (what helps them learn and what might help them learn better). Alternative assessment thus gives instructors a way to connect assessment with review of learning strategies.

In conclusion, assessment is one of the main parts in teaching and learning process. Good assessment brings to good learning, which has positive wash back on learners. If the course objectives are aligned with assessment, then the results are going to be positive.

## Reference

1. Chickering A.W., & Gamson Z.F. (1987). Seven Principles For Good Practice In Undergraduate Education. *AAHE Bulletin*, 3-7.

2. Spalding D. (2013) *How to teach adults.* Retrieved from http://www.howtoteachadults.com/wp-content/uploads/2013/01/How-to-Teach-Adults-by-Dan-Spalding.pdf

3. Huerta-Macias, A. (1995). Alternative assessment: Responses to commonly asked questions. "TESOL Journal," 5, 8-10.

4. Hamayan, E.V. (1995). Approaches to alternative assessment. "Annual Review of Applied Linguistics," 15, 212-226.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада билим олувчи катта ёшларда билим олувчиларни ўқитиш жараёнида юзага келиши мумкин бўлган баъзи зиддиятлар кўриб чиқилган. Бундан ташқари билим олувчиларнинг эхтиёжларини назарда тутиш муҳимлиги таъкидлаб ўтилган. Шунингдек, мақолада тил ўрганиш жараёнига билим олувчиларни қизиқтириш ва тўғри баҳолашнинг бир канча эффектив турлари тавфсия этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются проблемы, которые могут возникнуть при обучении взрослых учащихся. При обучении иностранным языкам важным является понимание нужд взрослых. Автор статьи предлагает несколько эффективных способов мотивации и оценивания взрослых учащихся для достижения активного изучения языка.

**SUMMARY**

The given article considers some problems that can occur in teaching adult learners. Moreover, it is focuses on importance of understanding the needs of adults. The author of the article it suggests several effective ways of motivating and assessing adult learners to achieve active learning.

# ТОЙ – ТӘРБИЯ ҚУРАЛЫ СЫПАТЫНДА

**А.Пазылов** - *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** тўй, тўйнинг хиллари, бахши, жиров, артист, тўйда хизмат қилиш, нама олиш, бош нама (нағма), шовқин, эшитиш органлари, бий, халқ назари, децибель.

.**Ключевые слова:** свадьба, виды свадеб, бахсы, жырау, артист, обслуживание на свадьбе, заказы мелодии, слуховые органы, децибель, сход граждан, бий, взгляд народа.

**Key words:** wedding, kinds of wedding, narrator, jiraw, actor, to serve in the wedding, song competition, order of melody, organs of hearing, decibel, neighbourhood, authority, people's points of view.

Бүгинги күнде түске жақын ямаса кешки пайытларда ресторан яки кафениң жанынан өтсеңиз, ол жерлерде тойлардың басланып кеткенлигиниң гүўасы боласыз. Бул көринислер сизди ерксиз түрде қуўанышқа бөлейди.

Ҳақыйқатында да, тек ғана халқы тоқшылықта жасап атырған уллы Өзбекстандай елге тойлар сөзсиз жарасады. Соның ушын да жасы үлкенлер, мейли ол үйде ямаса той-мерекелерде отырса да, өзлериниң пәтия-тилеклеринде «Илайым тойға жеткерсин», «Үйиңизде той бола берсин», «Тойға келгеймиз» деп өзлериниң ақ пәтияларын шын ықласы менен береди.

Халқымызда «Тойдың болғанынан, боладысы қызық» деген даналық гәплер бар. Себеби, ким болыўына қарамастан тойға барыўды ҳәўес етеди. «Тойдың сыртында болғаннан, ишинде болғанын» өзлеринше мақул деп есаплайды. Анығырақ етип айтқанда «Той десе – қуў бас жумалайды».

Бизиң пикиримизше, той бул тәрбия қуралы ўазыйпасын да атқарады. Себеби, тойға тек ғана үлкен жастағылар емес, ал кишкене балалар да қатнасады. Олар тойға келип-кетиўшилердиң өзлерин услап тутыўларын көреди, мийманлардың биреў-биреўи менен болған сәўбетлерине де қулақ түреди. Әсиресе, тойды сауыўға келген артистлер болса, кишкенелеримизди өзлерине «сыйқырлап» таслайды. Кишкенелеримизде үлкенлерге

еликлеп, «келистирип» ойын ойнаўға талапланады.

Деген менен, гейпара жасы үлкенлер той басланғаннан кейин, анығырағы бир-еки «алып жибер»ден кейин, усы тойда өзлеринен ибрат алыўы мүмкин болған кишкенелердиң де қатнасып атырғанлығын умыта баслайды. Өзлеринше дурыс ҳәзиллесип атырман деген ойға берилип, аўзынан шыққан сөзлерге итибар бере алмай қалады. Әсиресе, ондай адамлар ансамбль менен бирге келген ойыншының алдында өзлерин пүткиллей жоғалтады. Дәрҳал қалтасына қол жуўыртады. Оған ақша береди. Буны көрип турған оның ақлығы жанында болса, «Ата ақшаны мен берейин» деп өтиниш етеди. Ол ақлығынан да ақша аямайды. Ал, тойды саўыўға келген ойыншылармыз болса, өзлерине ақша услап, узатылып турған қоллардан шаққанлық пенен пулды алыўдан шаршамайды.

Халқымыздың психологиясына нәзер аўдарсаңыз, олар дәстүрлерди жақсылаўға ат салысады. Дәстүрди қурамаластырады. Ең соңында өзлериниң қурамаластырып ерискен жаңа дәстүрлериниң «жетискенликлеринен» қутылыўдың жолларын да излестиреди.

Өткен әсиримизде тойларға жыраў ҳәм бақсылар да шақырылатуғын болған. Бирақ, олар тойхана менен келискен ақшасын ғана алып кетип турды. Түнде жыраўдан алдын бақсылар халыққа өз өнерлерин көрсетип, аламан жыйналаман дегенше халық қосықларынан айтып, тыңлаўшылардың қулақларының қурышларын қандырған. Ол ўақытларда халық жыйналып болғаннан соң «нама алыспақ» деген дәстүрге ерк берилер еди. Усындай нама алыспақлардың кейни үлкен дәбдебеге айналып кеткен ўақытлар да турмысымызда ушырасты. Әсиресе, «бас нама»ға талас ҳәр бир тойда күшейип турды. Бас намалар ол ўақыттың ақшасы менен бес жүз сомнан мың сомға шекем де барғанларын көзлеримиз көрди. Шымбай районындағы «Бахытлы» совхозында болған бир тойда студентлер шығарыспақ қылып бас наманы алды. Олар той бериўшиниң туўысқанларынан да, туўысқан дайыларынан да, жезделеринен де, жийенлеринен де, аўылындағы жора-жолдасларынан да өтип кетти. Бирақ, студентлерге бас наманы берип жибергени ушын той басқарыўшыға той бериўши тәрептиң туўған-туўысқанлары өкпелеп қалды…

Ол ўақытларда да аталарына, әке-шешелерине ерип келген кишкенелер де бақсы-жыраў тыңлаўға қатнасып турар еди. Бирақ, олар адамлар жыйналаман дегенше айтылып турған халық қосықларын, ақыл-нәсият қосықларын тыңлап отырып, буйығып уйқылап қалатуғын еди.

Ўақыттың өтиўи менен тойдың қурамаласқан усы дәстүри қатардан өз-өзинен шығып қалды. Себеби, көпшилик тойға келиўшилерди «бас нама» отырғызып кететуғын ҳалатлары көбирек ушырайтуғын болды. Енди оның орнын әсте-әсте ансамбльлер ийелей баслады. Соңғы ўақытларда ансамбльлердиң жетилискенлиги соншелли, «дискетлердиң» қосық айтатуғын ҳалатларына шекем барып жетти. Әсиресе, усы ансамбльлердиң даўысты күшейткишлерин қосып қойып, адамлардың биреў-биреўи менен сөйлесиўине де имканият бермейтуғынлығы әжепленерли жағдайларға алып келип атыр. Ресторан ямаса кафелерде болса, ансамбльлердиң шаўқымынан қулағың питип қала жазлайды. Соның ушын да, айырым адамлар ресторан, кафелерде берилип атырған тойларға барғаны менен, жумысын ямаса басқа баратуғын жери бар екенлигин сылтаўлап сырттан кететуғын әдетти шығарды.

Ал, ресторан ямаса кафениң ишине киргенлери болса тезирек биринши аўқаттың келиўин асығыслық пенен күтип отыратуғын, ал биринши аўқат келсе, оннан шала-пала аўыз тийип, кеткенше асығатуғын болып қалды. Ҳәзир қайсы ресторан яки кафелерде берилген тойларды қарасаңыз да биринши аўқаттан кейин той қатнасыўшыларының кеминде төрттен үш бөлегиниң «жумыслары шығып» кетип қалғанлығының гүўасы боласыз.

Бундай көринислердиң тийкарғы себеплери неде екен-? деген сораў кимди болса да ойландырары турған гәп. Бизиң пикиримизше, буның еки түрли себеби бар: биріншиси, ҳәдден тыс шаўқым болса, екиншиси, қасыңа келип, пул бергенше «бөксеси менен қағып» туратуғын ойыншылардың жағымсыз ҳәрекетлеринде өз сәўлелениўин табады.

Өзлеримиздиң де, гейде дәстүрдиң бузылып атырғанына көз жумып қарап отыра беретуғын да әдетлеримиз жоқ емес. Мәселен, жақында ресторанда өткерилген усындай тойлардың биринде абырайлы мәдeният тараўының хызметкерлеринен бири, жанына келип, пул дәме етип турған ойыншыға қалтасынан шығарып еки мың сум берди. Ойыншы «қанаатланып» кеткеннен кейин, биз бенен болған сәўбетиниң арасында «усы нәрсениң надурыс екенлигин биле тура, әтирапымыздағылардан уялғанымыздан пул беремиз» деген өзиниң үзил-кесил шешимин билдирди. Бизиң пикиримизше ол, ойыншыны шақырып алып, әсте-ақырын қулағына «Бул әдетиңди қой, уят болады» деп сыбырлап айтқаны мақулырақ болар еди.

Ҳәдден тыс шаўқым – бул денсаўлыққа да зыян екенлигин медицина хызметкерлери жүдә жақсы биледи. Мағлыўматларға қарағанда, адамның қулағы саў болғанда 10-15 децибель (dB) деги даўысларды есите алады. Тийкарында, сыбырлап айтқанда 20 dB, сааттың шықылдысында 30 dB, гүрриңлескенде 30-35 dB, қатты бақырғанда 60 dB ли шаўқым таралады екен. Ал, плеер ямаса уялы телефонның научнигинде 120 dB ге шекем бәлентликтеги даўыс пайда болады. 90 dB ден бәлент болған шаўқым еситиўдиң нерв клеткаларына унамсыз тәсир жасайды.

Еситиўдиң нерв клеткалары отыз мың болып, уялы телефондағы 90 dB ден бәлент ҳаўазларда усы нерв клеткаларының жети ярым мыңы исинип кеткен адамлар дәслеп өзлериниң жақсы еситпей атырғанлықларын өзлериндеги аўырыўдың салдарынан деп есаплайды екен. Негизинде болса, ондағы аўырыўлар даўысты қабыллаўға онша унамсыз тәсир жасамайды деген де болжаўлар бар. Ал, ресторан яки кафелер-

деги шаўқым 250-300 dB ге шекем жетип барады. Демек, тез-тез ресторан яки кафелердеги шаўқымлы тойларға барып турсақ, қараптан-қарап турып «сатып алған аўырыўымыздың» қурбанына айланамыз. Анығырақ етип айтқанда, еситиўдиң нерв клеткаларының он бес мыңнан асламының исинип кетиўине өзлеримиз себепши боламыз.

Жақыннан берли тойға студенттиң группалас досларының елиў мың сумнан жазылыў дәстүри пайда болып киятыр. Қызық. Студенттиң ата-анасы тойға он, жигирма мың сумнан жазылады. Ал, олардики не мәслик ҳәм ақшаны әке-шешесинен сорағанда қандай сылтаў айтады екен? деп те ойланасаң. Бизиң пикиримизше, бул жерде қудайға жазған муғаллимди сылтаўлайтуғын болса керек... Бирақ, бул дәстүр де қатардан тез шығады деген үмиттемиз.

Мениңше, өткерилип атырған тойларда миллий дәстүрлеримизден орынлы түрде пайдаланып барыў оғада үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Себеби, той хабарын еситкен адам мүмкиншилиги болған шелли тойға келиўге ҳәрекет жасайды. Әсиресе, ҳаяллар болса тойда «реклама ушын жаңадан сатып алынған көйлеклерин» тезирек халыққа көрсетиўге асығады. Тойда адамлар биреў-биреўи менен ушырасады. Басқалар менен сөйлесип маўқын басқысы келеди. Демек, той бериў орны адамлардың ушырасыў ҳәм тойға қатнасыўшы жасларды тәрбиялаў орны да болып есапланады.

Тойда хызмет етиў - оғада әдиўли ҳәм тәрбиялық тәсири де күшли ўазыйпа. Сонлықтан да халқымыз өсип киятырған жас әўладты әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў исинде тойға хызмет еттириў усылларынан да пайдаланады. Ҳәмме тойда мешит-қәўимде жасаўшы жас жигитлер тойға хызмет етиў ушын шақыртылады. Олардың ишинен басшысын сайлайды. Қалғанлары сол басшының айтқаны менен жүреди. Келген қонақларды қонақ жайларына алып барады. Тойдың палаўын тасыйды. Қулласы, тойды басқарып турған бийдиң оң қолына айналады. Себеп пенен өзлери де той басқарыў ислерине әсте-әсте үйрене баслайды.

Тойлардың барлығында да той бериўши шаңарақ барқулла халықтың нәзеринде болады. Той бериўши ҳәм ол жердеги қоңсы-қобалардың адамлар менен болған мүнәсибетлерине баҳа бериледи. Қонық кирген үйлердеги тәртип-интизам, келинлердиң хызмети, чай демлеў, аўқат асыў усыллары, дәстурхан безеў шеберлиги, ең баслысы хожалықтың үлкенинен кишкенесине шекем әдеп-икрамлылыққа тәрбияланғанлық дәрежесине баҳа бериледи.

Жуўмақлап айтқанда, өткерилип атырған ҳәр бир тойда тек артистлер емес, ал басқа да қатнасыўшылар өз өнерлерин көрсетсе, биреў қосық айтса, биреў саз шертсе, биреў гүреске шықса, улыўма халқымыздың миллий дәстүрлери кеңнен пайдаланылса, тойдың мазмуны бурынғыға салыстырғанда анағурлым дәрежеде байытылады. Оның тәрбиялық тәрепи де күшли болып, өсип киятырған жас әўладты ҳәр тәреплеме тәрбиялаў ислерине де сөзсиз унамлы тәсир жасалады.

**РЕЗЮМЕ**

Мақола халқимизнинг миллий анъаналаридан бири бўлган тўй маросимларини ўтказиш масалаларига бағишланган. Тўйда катталарнинг ўзларини тута олишлари, кичикларга намуна бўлишлари, шовқин-суронли тўйларнинг зарарли окибатлари, тўйда хизмат қилишнинг тарбиявий жихатлари каби масалалар қиёсий ҳолда таҳлил қилиниб, муаллиф бу бўйича ўзининг шахсий фикрлари билан ўртоқлашади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам проведения одной из национальных традиций нашего народа – свадьбы. Сравнительно рассматриваются поведение взрослых на свадьбе в качестве примера людям молодого возраста, высказывается мнение автора по вопросу о вредных последствиях пышных свадеб, воспитательном значении обслуживания на свадьбах.

**SUMMARY**

The article is dedicated to the description of one of the main national customs of our people- weddings. In the article the author tells his opinion about upbringing points of national weddings, where grown- ups with their manners of behaviour show the model to young generation, about negative sides of luxurious weddings and the importance of service at wedding parties

## ШАҢАРАҚ - СУИЦИДИАЛ ҲӘРЕКЕТЛЕРДИ САПЛАСТЫРЫЎ ФАКТОРЫ СЫПАТЫНДА

**Э.Сулетбаева** - *аға оқытыўшы*
*Қарақалпақстан Республикасы ХБХҚТ ҳәм ОҚАИ*

**Таянч сўзлар:** оила, ота-она, психологик кризис, ўсмирлар, девиант хулқ, суицидал ҳаракатлар, психик ҳолатлар, самимий муносабат, қўллаб-қувватлаш, стресс.

**Ключевые слова:** семья, родители, психологический кризис, подростки, девиантное поведение, суицидальное поведение, психическое состояние, доверительное отношение, поддержка, стресс.

**Key words:** family, parents, psychological crisis, teenagers, deviant behavior, suicidal behavior, psychiatric state condition, confidential attitude(relation), support, stress.

Шаңарақ инсан тәрбиясы ҳәм оның қәлиплесиўинде айрықша социаллық-психологиялық әҳмийетке ийе болған жәмийеттиң буўыны. Себеби инсанның ең таза ҳәм пәкизе сезимлери, дәслепки турмыслық түсиниклери биринши гезекте шаңарақта қәлиплеседи. Баланың минез-қулқын, тәбияты ҳәм дүньяға көзқарасын белгилейтуғын руўхый